



REKONESANS POU RISK AK DECHAJ

NON: _____

DAT NESANS: _____

ADRÈS: _____

TELEFÒN NAN KAY/TELEFÒN SELILÈ: _____

NON AK ADRÈS PARAN OSWA RESPONSAB LEGAL (MWENS PASE LAJ 18 TAN)

Mwen (“Renonsyatè”), ki siyen anba la a, ki gen omwen laj 18 tan, pou konsidere pèmision yo ban mwen pou patisipe nan _____ (ki rele “Evènman” annapre), ap fè pou mwen ak pou eritye mwen yo, egzekite mwen yo, administratè mwen yo ak moun mwen yo ki gen dwa, dechaje epi retire responsablite pou toutan sou Eta New York, Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York, responsab li yo, anplwaye li yo, ajan li yo, sipòtè li yo ak reprezantan li yo, eritye li yo, administratè li yo ak egzekite li yo (“Renonsyatè” annapre) pou ak nan nenpòt ak tout reklamasyon, demann, aksyon oswa dwa pou fè aksyon, pou nenpòt kalite nan lwa oswa nan ekite ki genyen oswa dapre rezon nan nenpòt chòk nan kò oswa chòk pèsonèl yo konnen oswa pa konnen, lanmò ak/oswa domaj nan pwopriyete ki fèt nan, ki okazyone nan, oswa ki fèt akòz patisipasyon mwen nan Evènman an, oswa nan nenpòt aktivite ki asosye avèk Evènman an.

Mwen byen konnen risk ki asosye avèk patisipasyon mwen nan Evènman mwen chwazi pou patisipe a, epitou mwen konnen risk sa yo. Mwen konfime mwen anfòm ase sou plan fizik pou patisipe nan Evènman an, epi kèk anplwaye medikal kalifye te ban mwen avi pou sa. Mwen pran tout responsablite pou nenpòt chòk oswa domaj ki ka genyen pandan pwosesis Evènman an.

Lè mwen siyen fòm dechaj sa a, nan okenn fason mwen pa retire responsablite sou Renonsyatè yo pou domaj pwòp aksyon neglijan oswa mankman yo lakòz. Men, si mwen pran chòk epi si yon tribinal ki gen jiridiksyon konpetan detèmine pita chòk mwen yo pa t rezilta, swa nan tout oswa nan yon pati nenpòt aksyon neglijan oswa mankman Renonsyatè yo lakòz, mwen dakò pou dedomaje Renonsyatè yo oswa konpayi asirans yo pou nenpòt depans ki asosye avèk defans pou yon reklamasyon konsa.

Mwen otorize nenpòt premye sekou ak/oswa tretman medikal yo kwè ki nesèsè sizoka gen ijans. Mwen otorize anplwaye medikal k ap swiv mwen an tou pou egzekite sou non mwen nenpòt fòm pèmision ak lòt dokiman medikal apwopriye sou non mwen si mwen pa disponib pou fè sa imedyatman. Mwen rekonèt mwen responsab pou nenpòt depans mwen lakòz pou tretman medikal mwen.

Mwen dakò pou kite foto mwen oswa resanblans mwen parèt nan nenpòt dokiman ofisyèl, reklam sipòtè oswa repòtaj televizyon sèlman pou Evènman an nan nenpòt manyè ki asosye avèk patisipasyon mwen nan Evènman an epitou san mwen pa resevwa konpansasyon.

Mwen konfime enfòmasyon mwen bay nan pwosesis enskripsyon an se enfòmasyon ki vrè ak egzat dapre tout sa mwen konnen.

Mwen rekonèt si nenpòt nan enfòmasyon sa yo ki endike anwo a pa egzat, administratè Evènman an gen dwa pou sispann patisipasyon mwen.

Renonsyatè a dakò pou dechaj sa a, renonsyasyon sa a, sipozisyon risk ak akò pou dedomajman deziyen pou la nan sans ki pi laj ak enklizif jan lwa Eta New York bay otorizasyon pou sa, epi si nenpòt pòsyon akò sa a pa valab, mwen dakò pou rès la dwe kontinye gen tout fòs ak anvigè.

Depi mwen siyen anba la a, mwen li avèk anpil atansyon renonsyasyon ak dechaj ki endike anwo a, epi mwen dakò avèk sa ki ladan. Mwen siyen dechaj sa a avèk pwòp volonte mwen.

Siyati Renonsyatè

Dat la

Dechaj Paran oswa Responsab Legal pou Aplikan ki Poko gen Laj 18 Tan

Mwen se Paran ak/oswa Responsab Legal non timoun minè a/timoun minè yo ki endike konsa:

Depi mwen siyen anba la a, sa vle di mwen dakò pou kite pitit mwen/pitit mwen yo patisipe nan Evènman ki dekri anwo a. Mwen konfime mwen te revize tout enfòmasyon yo bay pou pitit mwen/pitit mwen yo ak/oswa òganizatè (yo) Evènman an te bay pandan tout pwosesis enskripsyon an. Sou non mwen ak pitit mwen/pitit mwen yo, mwen dakò pou Renonsyatè yo ak Dechaj ki endike anwo a. Dapre tout sa mwen konnen, enfòmasyon mwen bay pou òganizatè (yo) Evènman an, ansanm avèk enfòmasyon sou pitit mwen/pitit mwen yo se enfòmasyon ki vrè ak egzat. Mwen rekonèt si nenpòt nan enfòmasyon sa yo pa egzat, administratè Evènman an gen dwa pou sispann patisipasyon pitit mwen.

Siyati Paran oswa Gadyen Legal

Dat la